

Rezime Egzekitif Pwogram pou Travay Plannifikasyon Inifye (UPWP)


Kisa Pwogram pou Travay Plannifikasyon Inifye a ye?

Pwogram pou Travay Plannifikasyon Inifye a (UPWP, ki vle di "Unified Planning Work Program") se yon dokiman sètifikasyon federal ki gen detay sou travay Merrimack Valley's Metropolitan Planning Organization (MVMPO) pral fè pandan yon sèl ane. Kòm se asistans federal ki prensipal sous finansman MVMPO, dokiman an dwe montre aktivite ak sou-aktivite pèsonnèl MVMPO a gen entansyon fè, ak konbyen èdtan yo prevwa pou aktivite sa yo, ak konbyen depans dirèk ki pral sipòte travay MVMPO's. Nòmalman, pèsonnèl la pare dokiman an nan sezon prentan ak ete chak ane, pou resevwa apwobasyon Konsèy Administrasyon MVMPO a nan mitan sezon ete a. Yon fwa li aksepte, pwogram travay la antre anvigè nan kòmansman nouvo ane fiskal federal la, nan dat 1ye oktòb.

Sous ak Itilizasyon pou Ane Fiskal Federal 2025

Sous

Gen twa diferan sous asistans federal ki finanse 18 sou-aktivite ki afekte nan kat diferan aktivite. Anjenneral, fon Metropolitan Planning Program (PL) yo ak fon Seksyon 5303 yo se prensipal sous sipò pou travay MVMPO. Fon ki rete pou transfè nan lane anvan yo kapab pwogramme pou lane ki pral vini yo, jan sa fèt nan UPWP sa a, dapre sa MassDOT deside ak vle ki fèt. Pèsonnèl MVMPO a siyen yon kontra tou avèk Merrimack Valley Transit (MeVa), ki se ajans transpò pou rejon an, ki pase finansman Seksyon 5307 bay MVMPO pou sipòte travay plannifikasyon ki pral fèt nan yon tan kout. Finalman, FY24 UPWP pwogramme Ri ak Wout Sekirize pou tout finansman pwogram diskresyonè (SS4A). Pèsonnèl la prevwa pou depanse resous ki nan sibvansyon kounye a anvan fen lane fiskal 2024 la (FFY24), men sa depann sou depans resous patnè NMCOG ki resipyandè segondè a. Pèsonnèl la prevwa tou pou li fè aplikasyon pou demonstrasyon ak lòt aktivite pannifikasyon siplément pou lane fiskal 2025 la (FFY25). Pandan sou-aktivite a rete a zewo (sa ki vle di pa gen depans ki plannifye, ni okenn resous ki prevwa), liy la rezève pou aktivite kontablite pi devan.



■ Plannifikasyon Metwopoliten ak Seksyon 5303

■ Seksyon 5307

■ Tranfè Plannifikasyon Metwopoliten

Itilizasyon: Aktivite, Sou-aktivite, ak Rezulta

FFY25 UPWP pwogramme kat aktivite - Administrasyon Pwogram 3C, Koleksyon ak Ànaliz Enfòmasyon, Plannifikasyon Transpò, ak Lòt Sipò pou Plannifikasyon - ak yon total 18 sou-aktivite asosye, jan sa ekri nan lis pi ba la a.

Aktivite 1 - Administrasyon Pwogram 3C

Sou-aktivite 1.1 - Administrasyon Pwogram, Sipò, ak Kwasans
Sou-aktivite 1.2 - Patisipasyon Piblik
Sou-aktivite 1.3 - Pwogram pou Travay Plannifikasyon lnifye
Sou-aktivite 1.4 - Pwogram Amelyorasyon Transpò
Sou-aktivite 1.5 - Tit 6, Jistis Anviwonmantal ak Ekite

Aktivite 2 - Koleksyon ak Ànaliz Enfòmasyon

Sou-aktivite 2.1 - Sèvis Sipò sou Teren an
Sou-aktivite 2.2 - Developman Aktif Pwogram Administrasyon
Sou-aktivite 2.3 - GIS Sipò ak Teknoloji Enfòmasyon
Sou-aktivite 2.4 - Asirans sou Dire Deplasman ak Kapasite pou Konpetisyon
Sou-aktivite 2.5 - Paramèt ak Mezi Pèfòmans

Aktivite 3 - Plannifikasyon Transpò

Sou-aktivite 3.1 - Transpò Aktif ak Wout Konplè
Sou-aktivite 3.2 - Ri ak Wout Sekirize pou Tout Moun (SS4A)
Sou-aktivite 3.3 - Plannifikasyon Transpò
Sou-aktivite 3.4 - Vitalite Rejyonnal
Sou-aktivite 3.5 - Dirabilite ak Rezilyans Rezo
Sou-aktivite 3.6 - Angajman ak Plannifikasyon pou Sekirite Wout

Aktivite 4 - Lòt Sipò pou Plannifikasyon

Sou-aktivite 4.1 - Sipò pou Plannifikasyon nan Konte ak Eta
Sou-aktivite 4.2 - Asistans Teknik Lokal ak Kowòdinasyon Sibvansyon

Aktivite ki fèt pou sipò travay sa yo pral pwodwi gwo rezulta pi ba la yo:

- Pwogram pou Travay Plannifikasyon lnifye pou FFY2026 (Aktivite 1.3)
- Pwogram Amelyorasyon Transpò pou FFY2026-2030 (Aktivite 1.4)
- Metòd/Direktiv pou itilizasyon Sib Rejyonnal sou Konsepsyon (Regional Target on Design) (Aktivite 1.4)
- MassDOT ak Pwogram Kontaj Rejyonnal (Aktivite 2.1)
- Enstalasyon ak Siveyans Kontè pou Trafik (Aktivite 2.1, kontinye apre FFY24)
- Evalysyon Pwogram Kontwòl Sifas Wout (Aktivite 2.2, transfere apre FFY24)
- Zouti pou Konkirans nan Dire Deplasman (Aktivite 2.4, transfere apre FFY24)
- Paramèt pou Kontwòl Pèfòmans chak Ane (Aktivite 2.5)
- 2yèm Etap Plan Transpò Aktif: Aktivasyon Pwen Rankont (Aktivite 3.1)
- Pilòt Transpò Aktif (Aktivite 3.1)

- Evalyasyon Tarif Gratis (Aktivite 3.3, kontinye apre FFY24)
- Validasyon Kontè Pasaje Otomatik nan Transpò Merrimack Valley (Aktivite 3.3)
- Previzyon pou Ànaliz Amelyorasyon Transpò nan Lane k ap Vini yo (Aktivite 3.3)
- Liv Blan sou Konsepsyon Sèvis Konvivyal pou Granmoun (Aktivite 3.3)
- Revizyon Tyès Pati sou Konfòmite avèk Lwa sou Moun Andikape nan Etazini (Aktivite 3.3)
- Developman Plan pou Ferryboat Business (Aktivite 3.4)
- Nouvo Enfòmasyon pou Ane a sou Rezo ki gen Anpil Aksidan (Aktivite 3.6)
- Jiska De Enstalasyon Sekirite Rapid (Aktivite 4.2)
- Acha Kolektif Sèl pou Wout (Aktivite 4.2)
- Acha Kolektif Sèvis pou Wout (Aktivite 4.2)

FFY25 UPWP genyen ladan tou aktivite ak rezulta estanda ki baze sou pwosesis, tankou:

- Revizyon Sètifikasyon (Aktivite 1.1)
- Preparasyon ak Fasilitasyon MVMPO (Aktivite 1.2)
- Memorandòm Kompreansyon MVMPO Amande (Aktivite 1.2)
- "Retrèt" MVMPO (Aktivite 1.2)
- Revizyon ak Notasyon Fòmilè Plan Sible Rejyonnal (Aktivite 1.4)
- Reògànzasyon/Konsolidasyon Zouti Transpò Anliy (Aktivite 2.3)
- Kowòdinasyon Zòn Iben GHG (Aktivite 2.5)
- Sipò ak Kowòdinasyon Fwontyè Boston (Aktivite 3.1)
- Sipò pou Estrateji Kwasans Rejyonnal Priyorité (Aktivite 3.4)
- Ranfòsman Kapasite Kominotè Vizyon Zewo (Aktivite 3.6)
- Kowòdinasyon Konsèy sou Vyeyisman (Aktivite 3.3)
- Divèsite Sipò Sibvansyon (Aktivite 4.2)

Pòtre ki nan paj apre a montre nivo depans dapre aktivite ak sou-aktivite yo, pou pèmèt konpare nivo efò (ki parèt kòm mezi depans) pou chak aktivite oswa sou-aktivite.

